



DWA OU ANBA LWA ANPLWAYE TANPORE MASSACHUSETTS DWA POU KONNEN

AJANS REKRITMAN OBLIJE FOUNI OU AK ENFÒMASYON DE BAZ TRAVAY OU AN.

Lalwa egzije ajans rekritman founi ou yon avi a lekri ak enfòmasyon de baz konsènan nenpòt ki travay ke yo pral voye ou ladan l. Sa a rele yon lòd travay. Ou gen dwa di ajans rekritman lan kijan ou vle ke yo ba ou lòd travay lan, pa egzanp pa imèl, lapòs, oubyen si ou vle al chèche l an pèsòn. Ajans rekritman yo **OBLIJE** ba ou omwen enfòmasyon swivan yo:

- Non, adrès ak nimewo telefòn ajans rekritman an;
- To salè an ak dat yo pral peye ou;
- Dat djòb lan pral kòmanse ak apeprè dire travay lan;
- Lè w ap kòmanse travay chak jou ak vè kilè konsa ou ta dwe fin travay;
- Si gen grèv oubyen grèv patwonaj;
- Si ajans rekritman an oubyen konpanyi a pral bay manje oswa transpò;
- Si travay lan mande rad, zouti, lisans, oubyen fòmasyon espesyal;
- Non, adrès, ak nimewo telefòn konpanyi a lè ajans rekritman an ap voye ou al travay.

Ajans rekritman an ka ba ou enfòmasyon travay pa telefòn, men li **OBLIJE** voye ba yo enfòmasyon a lekri **AVAN** fin premye peyòd peyman an.

Si aktivite travay ou ta chanje, ajans rekritman an **OBLIJE** di ou chanjman sa yo le pli tò ke posib deske li konn sa.

Si ajans rekritman lan pa ba ou yon lòd travay epi ou ta renmen pote plent kont ajans rekritman lan, tanpri rele Depatman Estanda Travay nan (617) 626-6970. Ajans rekritman lan pa ka revoke ou oubyen ba ou yon travay ki pi mal paske ou pote plent.

Si yap mete yon nan yon pozisyon pwofesyonèl oubyen kòm yon sekretè oubyen asistan administratif, ajans rekritman an PA oblije ba ou yon lòd travay.

AJANS REKRITMAN YO AK PATWON KONPANYI YO PA KA CHAJE OU FRE POU:

- Anrejistre opre ajans rekritman lan;
- Ba ou travay;
- Tès dwòg, kat labank, kat debi, bon echanj, oubyen chèk postal [moni òdè] ki gen valè ke ajans rekritman an peye pou founi bagay sa yo ba ou;
- Fè yon ankèt enfòmasyon dosye kriminel Massachusetts (CORI);
- Sèvis transpò, si li nesèsè pou ou itilize sèvis la; si itilizasyon sèvis transpò a pa obligatwa, chaj la pa gen dwa depase 3% nan salè toulejou oswa nan pri reyèl la, sa ki pi ba nan 2 sa yo;
- Nenpòt ki atik oswa sèvis, enkli transpò, ki ka koze ou pou fè mwens ke salè minimòm Massachusetts;
- Yon ajans rekritman oubyen yon konpanyi pa ka oblije ou achte yon bagay nan men yo sòfsi ou ta vle achte li.

AJANS REKRITMAN YO OBLIJE REMÈT OU FRÈ REZONAB POU TRANSPÒ SI YO VOYE OU NAN YON TRAVAY KI PA EGZISTE.

Sa a pa enkli frè transpòtasyon pou ale nan yon konpanyi pou yon entèvyou travay.

AJANS REKRITMAN AN PA KA:

- konsyamman ba ou fo oswa move enfòmasyon oswa manti;
- fòse ou ale nan yon travay ke ou pa vle ale ladan li;
- kenbe pwopriyete ou epi refize remèt ou li;
- kenbe frè ilegal ke yo chaje ou;
- revoke ou oubyen ba ou yon travay ki pi mal paske ou te egzèse dwa ou dapre lwa sa;
- voye ou nan yon travay pou fè yon djòb ki ilegal;
- voye yon timoun minè nan yon travay lè timoun minè sa fèt pou li lekòl;
- voye ou nan yon travay kote li obligatwa pou gen yon lisans espesyal epi ou pa gen lisans sa;
- voye ou nan yon travay kote ki angrèv oubyen grèv patwonaj epi yo pa di ou anyen.

Pou plis enfòmasyon konsènan Lwa Anplwaye Tanporè Dwa pou Konnen oubyen pou pote plent, rele Depatman Estanda Travay nan (617) 626-6970, oubyen ale nan www.mass.gov/dols/epsap. Lwa sa jere pa Depatman Estanda Travay (DLS) epi li aplike pa Biwo Divizyon Travay Jis Biwo Komisè Jeneral lan. Lwa a aplike a “ajans rekritman” (pa egzanmp ajans tanporè) jan lalwa defini li.

AVI NAN LYE TRAVAY LAN: Avi lye travay sa ranpli kondisyon pwovizyon Chapit 148, Seksyon 159C Lwa Jeneral Massachusetts, ki oblije ke ajans rekritman yo afiche li yon kote ke moun ka p aplike yo ak travayè endepandan yo ka wè li fasilman.